# Осетинский

1 Райдианы уыди Дзырд, æмæ Дзырд уыди Хуыцаумæ, æмæ Дзырд уыди Хуыцау.

2 Уый райдианы уыди Хуыцаумæ.

3 Æппæт дæр Уый фæрцы сфæлдыстæуыд, æмæ цыдæриддæр сфæлдыстæуыд, уыдонæй æнæ Уымæй ницы сфæлдыстæуыд.

4 Уый уыди царддæттæг, æмæ уыцы цард æппæт адæмæн уыди рухс.

5 Рухс талынджы рухс кæны, æмæ йыл талынг нæ фæтых.

6 Уыди Хуыцауæй æрвыст лæг, йæ ном Иоанн.

7 Уый æрцыд æвдисæнæн – Рухсы тыххæй зæгъынмæ, цæмæй адæм йæ фæрцы иууылдæр бауæндой.

8 Уый йæхæдæг рухс нæ уыд, фæлæ æрвыст уыди Рухсы тыххæй зæгъынмæ.

9 Уыцы Рухс уыди æцæг Рухс, Уый рухс кæны, дунемæ чидæриддæр æрцæуы, уыдоны.

10 Уый уыди, Йæ фæрцы кæй сфæлдыстæуыд, уыцы дунейы, фæлæ Йæ дуне нæ базыдта.

11 Æрцыд йæхионтæм, æмæ Йыл йæхионтæ нæ баууæндыдысты.

12 Фæлæ Йыл чи баууæндыд, уыдонæн радта Хуыцауы хъæбултæ суæвыны бар.

13 Уыдон райгуырдысты нæдæр туг æмæ стæгæй, нæдæр нæлгоймаджы фæндæй, фæлæ – Хуыцауæй.

14 Дзырд сси Адæймаг æмæ æрцарди не 'хсæн, уыди хорзæхы æмæ æцæгады суадон. Æмæ мах федтам Йæ намыс – Фыды иунæг Фырты намыс.

15 Иоанн Фырты тыххæй лæууы æвдисæн æмæ хъæлæсыдзагæй зæгъы: «Ай Уый у, æз афтæ Кæй тыххæй загътон: „Мæ фæстæ Чи цыди, Уый фæци мæ разæй, уымæн æмæ æз нæма уыдтæн, Уый та уыди"».

16 Æмæ Йæ æгæрон хъæздыгдзинадæй мах райстам хорзæх хорзæхы фæдыл.

17 Уымæн æмæ Æгъдау Моисейы фæрцы лæвæрд æрцыд, хорзæх æмæ æцæгад та Йесо Чырыстийы фæрцы лæвæрд сты.